

## Deklarasyon sou Enpak Ekite : Mizajou sou Afè Enskripsyon ak Deziyasyon

Tit la : Mizajou sou Afè Enskripsyon ak Deziyasyon

Dat la : 23 mas, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ?  Wi  Non

Si repons la se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit : \_\_\_\_\_

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ?  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun miltileng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans nan Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a se yon mizajou sou travay ke Sèvis Dakèy yo fè parapò a afè enskripsyon ak deziyasyon, pami yo : mizajou sou divès pwosesis, done enskripsyon, ak inovasyon resan.</p> <p>Sèvis Dakèy yo angaje nan divès efò konsète pou atenn e soutni elèv ak fanmi ki sot nan divès popilasyon ki aleka sosyete a nan pwosesis enskripsyon an, pami yo elèv ak fanmi nwa, latinx, azyatik, miltinleng, ak sila yo ki gen yon fèb revni.</p> <p>Sansibilizasyon sible e miltileng, pou atenn divès kominote ki gen yon patisipasyon fèb nan tou priyorite (peryòd priyorite) enskripsyon yo.</p> <p>Spesyalis enskripsyon yo, ki sèvi kòm zo ren sipò Sant yo, se moun ki miltikiltirèl e miltileng. Se Direktè Sant yo anboche, antrene, e sipèvize spesyalis yo, an pati, sou baz aliyman avèk done demografik katye yo ak kapasite pou founi bonjan kalite sèvis.</p>
<p><b>2. Amoni ak Plan Stratejik la</b> <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>5.5 Reyòganize divès operasyon biwo santral la pou asire bonjan kalite sèvis siperyè pou fanmi yo, pami yo : enskripsyon pou lekòl yo / transpòtasyon / sèvis manje ak nitrisyon, ak sekirite.</p>
<p><b>3. Analiz Done yo</b> <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Divès done sou kilès fanmi ki enskri nan chak etap pwosesis la, dezagrege (separe) selon ras, lang ak kòd postal, egzamine omwen chak ane pou idantifye divès tandans ak dekalaj, epi rafine divès strateji pou amelyore ranman yo an jeneral e redui mankman yo.</p> <p>Pa egzanp, done ki sot nan Tou Priyorite ane pase yo pou klas jadendanfan K0, K1, ak K2, te revele ke moun ki pale espayòl ak kreyòl ayisyen ki fè pati de (2) zòn kòd postal te pami popilasyon ki pi laj ki te manke nan tou enpòtan sa a.</p>
<p><b>4. Angajman Pati Enterese yo</b> <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Fanmi yo angaje kontinyèlman nan plizyè fason pou bay enfòmasyon sou pwosesis enskripsyon an, pami yo : divès fòmilèlè kòmantè, sesyon chita tandè, konvèsasyon, ak kominikasyon alekri. Kòmantè sa yo arive vanse yon amelyorasyon kontinyèl nan sant yo, pou yo gen ladan yo plis mwayen efikas pou pataje divès dokiman nesèsè, founi divès espas pou timoun nan sant yo, ak pou ekspansyon kontinyèl pou divès opsyon randevou adistans, ki enkli kapasite pou reyinyon kapab pwograme sou entènèt, an pèsòn, oswa nan telefòn.</p> <p>Otòn sa a ak ivè sa a, te genyen 28 sesyon enfòmasyon pou enskripsyon ki te fèt nan plizyè lang, kote ke manm pèsònèl Sèvis Dakèy yo te detaye pwosesis la, te reponn kesyon fanmi yo e te tire kèk leson nan eksperyans yo ak enkyetid yo. Yo te souvan bay atansyon a ensètitud sistèm lotri a, a aksè nan lekòl ki nan pwòp katye yo ak/oswa nan divès lekòl kalite siperyè, a transparans nan pwosesis deziyasyon yo ak</p>

	<p>si ke y ap konnen deziyasyon yo alè.</p>
<p><b>5. Strateji Ekite Rasyal</b>  <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Selon done analiz nou yo ak angajman pati enterese yo, Sèvis Dakèy yo te fè yon nouvo kanpay sansibilizasyon presize ke yo te lanse nan mwa fevriye sa a e ki te met aksan sou enpòtans enskripsyon bonè pou elèv yo jwenn aksè a divès plas kalite siperyè, divès Sant Enskripsyon Mobil deplwaye, ak divès sipò, pami yo : sipò pou klas 7yèm ak 8yèm ane sila yo ki fenk fèmen nan lekòl Trotter ak lekòl King.</p> <p>Epitou Sèvis Dakèy la te lanse yon nouvo gwoup travay ant plizyè depatman pou egzamine tou ak kalandriye deziyasyon yo, nan objektif pou idantifye nenpòt chanjman ki ta redui kalandriye a pou fanmi yo, pou soutni deziyasyon ki ta fèt pi bonè pou klas jandedanfan K2 yo, e founi notifikasyon ekita pou deziyasyon nan klas 7yèm ane a, ke pwosesis admisyon nan lekòl konkou antre yo konplike.</p> <p>Anplis de sa, lè fanmi ki fè pati lekòl oswa klas ki fèmen yo, oswa klas k ap tranzisyon yo, pa soumèt fòmilè chwa yo nan tou priyorite a, manm pèsònèl yo rele yo chak apa pou ba yo sipò, pou egzamine kèk opsyon avè yo, e asire ke tout bagay konplè.</p> <p>Sèvis Dakèy yo ap etabli patenarya avèk yon kabine sansibilizasyon (maketing) pou atenn fanmi elèv sila yo k ap aprann angle, ki abite nan kòd postal kote gen mwens to enskripsyon nan premye tou yo, dekwa pou n kapab elaji efò nou pou n kominike ba yo bonjan kalite pwogram distri a, kalandriye li, ak etap li yo osijè afè enskripsyon. Epitou, manm pèsònèl Sèvis Dakèy yo ap konsantre efò yo nan kominote sa yo, pou yo reyini avèk divès patnè kominote ak fanmi, pou egzekite enskripsyon yo alè, e pakonsekan ogmante aksè a divès plas kalite siperyè.</p>
<p><b>6 Bidjè ak Enplemantasyon</b>  <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki idantite gwoup sila yo ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Mizajou sa a pa enkli yon demann pou plis fon pou ane finansye 2022-2023 a. Sepandan, divès investisman finans ki deja konsakre yo ap enkli yon ogmantasyon nan manm pèsònèl yo pou deplwaye nan divès katye kle, pou acha nouvo teknoloji pou pèmèt entèpretasyon an dirèk nan plizyè santèn lang, ak pou divès opsyon meyè enskripsyon vityèl, tankou pwogramasyon randevou yo sou entènèt ak divès randevou adistans avèk spesyalis enskripsyon yo.</p>
<p><b>7. Kontrandi ak Kominikasyon</b>  <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Anba direksyon Sèvis Dakèy yo ak tout ekip Avansman Fanmi ak Kominote a, efò sa yo ap abouti a divès done detaye ki pataje avèk piblik la, osijè enskripsyon ak done ak tandans parapò a afè deziyasyon, e sa ap rapòte bay Komite Skolè a omwen chak ane.</p>